


Vokabilè Affordable Care Act

Mandate Endividyel

Fòk ou enskri nan yon plan asirans sante ki kalifye anba Affordable Care Act ki kòmanse nan 2014. Si ou pa ladan yon, ou ka oblije peye yon pinisyon taks. Si ou pa fè anpil lajan, epi asirans pa bon mache pou ou, oubyen pou lòt reyzon tankou relijyon. Ou ka aplike pou yon dokiman eksepsyon pou pa peye pinisyon taks si ou pa kalifye otomatikman.



Nivo Mizè Federal (FPL)



Chak ane Depatman Sante ak Sèvis Ime konn kalkile yon zouti pou mezire nivo revni. Nivo mizè federal sevi pou detèmine si moun elijib pou plizyè pwogram e benefis federal.

Mache Asirans Medikal or Twòk


Yon mache kote endividyel e ti biznis ka achte plan asirans medikal ki ni kalifye, ni bon mache. Mache Asirans Medikal-la ap ofri ou yon chwa plizyè plan medikal ki ofri benefis e pri nan fason Affordable Care Act eksplike. Enskripsyon kòmanse ane sa-a nan 1 òktòb 2013. Ou ka jwenn akse nan èntènèt sou www.healthcare.gov, sou telefon, nan aplikasyon papye, oubyen anfas avek yon moun natigatè.



Navigatè or Assistan Mache Asirans Medikal




Se moun espesyal ki ede moun aplike pou asirans medikal epi ede yo deside ki plan pi bon pou yo. Navigatè yo ap resevwa estaj, y'ap sertifye, epi y'ap rann sèvis la gratis.



Prim

Kantite ou bezwen peye pou asirans medikal ou. Ou menm epi/oubyen anplwayè ou ap peye li chak mwa, chak twa mwa, oubyen chak ane.



Sibvansyon

Yon sibvansyon se lajan ki sòt nan men gouvènman pou ede pri asirans medikal pi bon mache. Kantite sibvansyon w'ap jwenn se depanndan revni ou chak ane. Se gouvènman ki peye lajan sibvansyon-an nan men konpayi asirans ou dirèkteman.

Dediktib

Lajan ou dwe pou sèvis sante avan asirans medikal ou oubyen plan komanse peye pou sèvis yo. Pa egzamp, si dediktib ou se \$1000, plan ou p'ap peye anyen jiske ou gen tann peye rive nan kantite dediktib ou ye pou sèvis sante ki kouvri anba dediktib-la. Dediktib-la ka pa aplike pou tout sèvis.

Peyman patej (Copay)



Yon kantite lajan (pa egzamp, \$15) ou peye pou yon sèvis sante ki kouvri, lajan sa-a ou bay nan resepsyon lè ou resevwa sèvis la. Kantite ou peye depandan de kijan de sèvis sante li ye (tankou peyman patej pou espesyalis konn plis ki randevou klinik).



Depans ki sou kont ou

Frè pou sèvis sante ki pa kouvri anba asirans. Depans sayo kapab dediktib, pòsyon asirans di pou ou peye nan pri vizit la, epi peyman patej (co-pay) pou sèvis kouvri plis tout pri pou sèvis ki pa kouvri anba plan asirans ou.



Plan Sante ki Kalifye

Affordable Care Act ki kòmanse nan 2014, di yon plan asirans ki sètifye nan Mache Asirans Medikal, k'ap bay benefis esansyèl pou sante, mache deye limit ki etabli pou pataj pri (tankou dediktib, peyman patej (copay) epi kantite maksimòm pou depans ki sòt nan men ou), epitou li mache kole avek lòt reg. Yon plan sante ki kalifye ap genyen yon sètifikasyon ki sòt nan men chak Mache Asirans Medikal kote plan sa-a vann.

Benefis Esansyèl pou Sante



Kòmanse nan 2014, fòk yon plan kouvri kategori sèvis sante ki eksplike anba Affordable Care Act.

Affordable Care Act di pou plan sante ofri yon pakèt ki plen bagay e sèvis, ki rele benefis esansyèl pou sante. Fòk benefis esansyèl pou sante gen bagay e sèvis ki sòti nan pi piti 10 nan kategori ki nonmen la: sèvis anbilans; sèvis ijans; entènèn; matènite e swen tibebe ki fenk fèt; sèvis sante de maladi tèt epi sèvis pou moun ki pa ka viv san dwòg, trètman sante konpòtman ladan tou; medikaman; ni sèvis reyabilitasyon epi sèvis abilitasyon, ni aparèy; sèvis laboratwa; sèvis prevantif e ansante epitou swen maladi kwonik; epi sèvis sante timoun ki genyen swen dantis e jè ladan.